

Règleman Asistans Finansyè Brown University Health — Rezime nan Langaj Ki Senp

Règleman Asistans Finansyè Brown University Health lan (Financial Assistance Policy, FAP) ofri pasyan ki kalifye yo rabè pasyèl oswa konplè sou ijans ak lòt sèvis swen sante ki medikalman nesèsè ke filyal Brown University Health yo bay. Filyal sa yo gen ladan Rhode Island Hospital, The Miriam Hospital, Newport Hospital, Emma Pendleton Bradley Hospital (Bradley Hospital), Lifespan Physician Group, Inc. DBA Brown Health Medical Group, Gateway Healthcare, Inc., Coastal Medical Physicians, Inc DBA Brown Health Medical Group, Primary Care., ak nenpòt lòt antite ki dirèkteman lye yo ke n apral idantifye kòm Brown University Health. Pasyan ki ap chèche èd finansyè yo dwe aplike pou pwogram lan. Yo rezime detay sou règleman an ak pwosesis aplikasyon yo la a.

Sèvis ki Kalifye yo: Sèvis ki kalifye yo gen ladan sèvis Brown University Health ofri ak faktire yo, ki gen ladan tou men san yo pa limite a ijans ak swen ki medikalman nesèsè pou pasyan ki pa gen asirans yo, ki pa gen ase kouvèti, ki pa kalifye pou okenn pwogram avantaj swen sante gouvènmantral, epi ki pa kapab peye pou sèvis swen sante yo. Tanpri sonje ke FAP la aplike sèlman ak sèvis Brown University Health faktire yo. Lòt sèvis ke lòt founisè yo faktire separeman tankou medsen oswa laboratwa ki pa afilye ak Brown University Health yo pa p kalifye anba FAP la.

Kalkil Rabè:

Nan okenn ka yo p ap faktire pasyan ki kalifye pou asistans finansyè anba FAP la plis pase "Montan ki konn Faktire Jeneralman Yo (Amounts Generally Billed)" (AGB). Brown University Health sèvi ak metòd pwospektiv la pou detèmine AGB, ke Seksyon §501(r) defini nan Kòd Revni Entèn kòm montan Medicare oswa Medicaid apral ranbouse bay lopital la pou swen ki faktire yo (sa gen ladan ni montan Medicare oswa Medicaid apral ranbouse a, ak montan benefisyè a ta dwe peye pèsonèlman sou fòm ko-peman, ko-asirans, ak franchiz) si pasyan an te yon benefisyè Medicare ki peye frè pou sèvis oswa benefisyè Medicaid. Kalkil espesifik AGB pou chak lopital Brown University Health ki kouvri anba FAP la prezante nan fason sa:

- Pasyan ki pa gen asirans ak pasyan ki gen asirans ki apwouve pou Asistans Finansyè ki anba nivo 201% Gid Povrete Federal la ap resevwa yon rabè 100% Sèvis Kominotè Gratis pou sèvis ki kalifye yo. Rabè sa pral fè ke pa gen balans ki ap rete pou sèvis yo te resevwa yo.
- Pasyan ki pa gen asirans yo apwouve pou Asistans Finansyè ki nan ranje 201%-300% nan Gid Povrete Federal yo ap resevwa yon ajisteman pasyèl Asistans Finansyè sou sèvis ki kalifye yo.

i. Pasyan ki entène: 80% rabè sou DRG ki faktirab

ii. Pasyan ekstèn: 90% rabè sou frè total la

- Pasyan ki gen asirans yo apwouve pou Asistans Finansyè ki nan ranje 201%-300% nan Gid Povrete Federal yo ap resevwa yon ajisteman Asistans Finansyè pasyèl sou sèvis ki kalifye yo.
- Pasyan ki pa gen asirans ki pa apwouve pou Asistans Finansyè ap resevwa rabè Peman Dirèk pou Pasyan San Asirans ki mansyone nan Tablo 1-B a.
- Pasyan ki gen asirans k ap resevwa sèvis ki pa kouvri nan Gateway's Certified Community Behavioral Health Clinics yo ap kalifye pou rabè pou pasyan san asirans ki mansyone nan Tablo 1-B a.

Dat Efektif Rabè: 10/1/2025

Brown Health University mete ajou rabè pou moun ki pa gen asirans yo chak ane nan dat 1ye oktòb. Pou pousantaj rabè pou ane anvan yo, tanpri kontakte Sèvis Finansyè Pasyan nan 401-444-6966.

Tablo: 1-B			
Lopital/Gwoup Medsen	Metòd Pwospektiv	Pasyan ki entène	Pasyan ekstèn
Emma Pendleton Bradley Hospital	Medicaid	46%	70%
Lifespan Physician Group, Inc. dba Brown Health Medical Group	N/A	74%	74%
Lifespan Physician Group, Inc. DBA Brown University Health Urgent Care	N/A	N/A	50%
Gateway Healthcare, Inc.	N/A	N/A	54%
Radiosurgery Center of Rhode Island, LLC.	N/A	N/A	78%

Tablo: 1-B Lopital/Gwoup Medsen	Metòd Pwospektiv	Pasyan ki entène	Pasyan ekstèn
Rhode Island Hospital	Medicare	DRG*	78%
Samuel Sinclair Dental Center (RIH)	N/A	N/A	50%
Newport Hospital	Medicare	DRG*	82%
The Miriam Hospital	Medicare	DRG*	80%
Coastal Medical Physicians, Inc dba Brown Health Medical Group Primary Care	N/A	N/A	47%
<p>Rabè yo baze sou dat yo te founi sèvis la. Pou admisyon ki dire plizyè jou yo, Brown Health University ap sèvi ak Dat Admisyon an pou detèmine pousantaj rabè a.</p> <p>*Rabè DRG yo ap aplike nan rediksyon chaj total yo pou rive nan montan DRG Medicare la. (jwenn definisyon DRG nan leksik la).</p>			

Detay sou tarif FPG 2024 yo pibliye nan vèsyon konplè FAP Brown University Health lan ki disponib.

Kijan pou Aplike: Ou ka jwenn, ranpli, ak soumèt fòmilè aplikasyon FAP Brown University Health nan fason sa a:

Dokiman FAP ak aplikasyon yo disponib an pèsòn nan nenpòt nan sant ospitalye Brown University Health sa yo:

- Rhode Island Hospital, Patient Advocate Office, 593 Eddy Street, Providence, RI 02903
- The Miriam Hospital, Patient Advocate Office, 164 Summit Avenue, Providence, RI 02906

- Newport Hospital, Patient Advocate Office, 11 Friendship Street, Newport, RI 02840
- Bradley Hospital, Patient Financial Services, 1011 Veterans Memorial Parkway, East Providence, RI 02915

Dokiman Asistans Finansyè *Brown University Health* yo disponib gratis tou pa lapòs si w fè demand lan nan youn nan adrès sant ospitalye ki mansyone anlè a. Pasyan yo ka vizite <https://www.brownhealth.org/patients-visitors/insurance-billing-and-financial-assistance/financial-assistance> pou jwenn tout enfòmasyon ak fòmilè ki nesèsè yo. Demann pou voye dokiman yo pa lapòs yo ka fèt lè ou rele Biwo Sèvis Finansyè Pasyan Brown University Health la nan (401) 444-6949. *Pasyan ki gen kont MyChart aktif yo ka aplike pou pwogram Asistans Finansyè a anliy sou <https://www.brownhealth.org/mylifespan>*

Voye aplikasyon ki ranpli yo pa lapòs oswa depoze yo an pèsòn (avèk tout dokiman/enfòmasyon ki espesifye nan enstriksyon aplikasyon yo) nan nenpòt adrès sant ospitalye Brown University Health yo ki mansyone anlè a.

Brown University Health tradwi FAP la, fòmilè aplikasyon FAP la, ak rezime FAP nan Langaj Ki Senp la nan lang prensipal popilasyon ki gen kapasite limite nan lang anglè ki reprezante mwens ke 5% oswa 1,000 moun nan rezidan kominote sant ospitalye an ap sèvi a. Tout enfòmasyon yo disponib anliy sou <https://www.brownhealth.org/patients-visitors/insurance-billing-and-financial-assistance/financial-assistance> - oswa nan sant ospitalye Brown University Health ki mansyone anvan yo.

Pou plis asistans oswa si w gen kesyon tanpri rele Biwo Admisyon - Reprezantan Pasyan nan 401-444-7850 si w ap vini an pèsòn, tanpri vizite nenpòt lokal sant ospitalye Brown University Health ki mansyone anlè a nan entèval 8:00am-4:00pm, sòti lendi pou rive vandredi.